

**Board of Trustees**

Eliza Anderson, Chair  
 David Boghossian, Vice Chair  
 Stefanie Dhanda, Treasurer  
 Maren Anderson, Secretary  
 Elizabeth Bartle  
 H. Theodore Cohen  
 Donna Davis  
 Kevin Kielbasa  
 Gwen Thorne  
 Steve Vinter

2 Novanm 2016

Chè Etidyan, Paran, ak Gadyen yo,

*Tradiksyon kopi lèt sa a jan sa disponib sou sitwèb www.ccscambridge.org oswa nan biwo resepsyón yo ki nan CCSC. Mèsi pou lekti w.*

Si w fete Halloween, ebyen mwen espere jodi a, ak aswè a pral plen kè sote pou kòsomasyon aliman ki dous ak moderasyon manm fanmi. Si w pa fè sa, mwen espere aswè a pase trankil san estrès. Nou te rive atenn fen premye trimès ane lekòl nou an, ki enteresan epi difisil pou n kwè. Kanè Rapò pou premye Trimès lekòl pitit ou a enkli nan mesaj sa a. Nou te motive tout moun trè di depi 31Out e anpil klas te jwenn nivo yo. Nivo kou yo nan pwen sa a ta dwe montre egzakteman kisa elèv yo ap fè. Konsa, tanpri pran tan pou revize rapò yo ak pitit ou. Ki klas k ap mache byen, e poukisa? Ki klas yo montre ki difisil? Ki sipò yo jwenn, oswa yo pat jwenn aksè? Nou fyè dèské n ap bay ou, kòm paran / gadyen, enfòmasyon trè enpòtan ki toujou ajou sou devwa yo manke, nòt pou tout kalite travay (nan-klas, devwa, ak evalyasyon piti kou gwo). Nou espere w kontwole sa a sou yon baz kontinyèl epi fè yon plonje byen fon, petèt ak pitit ou fè yon vire avè I, nan entèval fòmèl kanè rapò a.

Nou menm tou nou fyè dèské nou pran angajman pou kreye epi kenbe lyen komunikasyon ant lekòl ak lakay la. Tout konseye yo pral kominike ak paran / gadyen yo nan tout avètisman nan fen chak trimès ak nan fen chak semès. Apèl sa yo enpòtan - yo bay plis detay sou kanè rapò a ki fèmen an epi kontinye bati yon zanmitay ant fanmi yo ak enstitisyon an. Si w pa resevwa yon apèl konsa nan semèn kap vini an, tanpri kontakte direktris lekòl la, madam Norris oswa mesye Nomani. Yo chak ap sipèvize pwosesis sa a, e yo pran I trè oserye.


- **Rekritman Elèv pou Ane 2017-2018** -- Nou mete efò sou pye. Tanpri, ede n gaye pawòl sa bay zanmi ak fanmi. Mande yon depliyan nan biwo nou an si w ta renmen distribye yon ti feyè. Fanmi ki aplike nan lè pou patisipe nan premye tiraj nou yo gen plis chans pou jwenn yon bon plas. N ap òganize premye jounen Ouvèti a 18 Novanm a 6è pm. Fè aplikasyon sou entènèt li trè senp. <http://ccscambridge.org/aplike>

- **Asosiyasyon Paran Gadyen**-- Jedi k ap 10 Novanm, CCSC pral òganize 2yèm reyinyon PGA nou an nan ane a pou diskite sou Preparasyon ak pèsistans Kolèj la. Nou pral òganize yon panèl ak ansyen elèv CCSC ak gramoun ki aje yo pou diskite sou eksperyans yo fè lakay yo, nan CCSC, ak pi lwen pase preparasyon nan kolèj, epi poste efò ak reyalizasyon CCSC. Ouvè pou tout paran CCSC ak gadyen yo, PGA ki te kreye pou sipòte efò yo nan CCSC, bay resous ak enfòmasyon k ap pèmèt paran ak gadyen yo ede elèv yo reyisi, anplis fasilité komunikasyon kontinyèl ak administrasyon lekòl la, ak pwofesè yo. W ap jwenn plis detay sou evènman sa, sou sit entènèt nou an ak paj Facebook nou an.
- **Kafe avèk Direktè yo** -- Pou nouvo ane sa a, direktè yo pral selebre sanzatann nan moman yo bwè kafe, anjeneral katriyèm Vandredi chak mwa. Pa gen okenn ajanda pou sa: evènman sa yo dire inèdtan sèlman se yon chans pou fanmi yo poze kesyon oswa bay kèk ide a madam Norris (Direktris Lekòl Primè) ak mesye Nomani (Direktè Lekòl Segondè), ak aprann nan men lòt fanmi ki pataje eksperyans yo fè ak timoun yo nan CCSC.. de nan yo ki deja pase an prezans fanmi yo te fò - mèsi! Tanpri make kalandriye w pou Vandredi 18 Novanm 8:45 AM. Nou espere w ap la.
- **Konseye pitit ou a** pral kontakte w semèn pwochèn, jan sa te mansyone pi wo a. Konseye yo jwe yon wòl enpòtan nan kominote nou an. Nou espere w jwenn yon konseye pou pitit ou a ki gen kapasite solid pou ede pitit ou jan I pral pwogrese pi devan avèk nou.
- **Règleman (pou) Itilizasyon ak Abi sibstans** -- Kounye a regleman CCSC afiche sou sit entènèt nou an. Madam Ahmad, nouvo enfimyè lekòl nou an te prepare I, regleman sa a pral ede moun k 'ap pran desizyon nan sitiyasyon menm jan yo leve nan kominote nou an. Deklarasyon regleman sa enpòtan pou tout moun ki gen enterè konnen: Itilizasyon oswa abi tout sibstans ki gen ladan I alkòl ak tout sibstans ilegal, menm jan tou itilizasyon ki pa apwopriye ak / oswa abi sibstans ki legal (medikaman sou preskripsyon, respiratwa, medikaman feyay, èd rejim alimanè san preskripsiyan medikal) tou de nan lekòl la se yon vyolasyon lalwa e yo reprezante gwo danje pou plan edikatif lekòl nou an.
- **Chanjman Orè pou Ane 2016-2017** --Nou te fè chanjman sa yo nan kalandriye lekòl nou an, nou afiche yo sou sit entènèt nou an.
  - Vandredi ki gen yon wikenn ki long yo, n ap lage a 11:30 AM.
  - P ap gen lekòl Lendi 13 Mas 2017 yon fason pou bay elèv ak anplwaye yo yon ti-repo pandan ane lekòl la ki jeneralman long.

Anfen, kèlkeswa tandans politik ou oswa pozisyon ou sou divès kalite pwoblèm, mwen espere ke tout moun vote nan eleksyon kap vini an. Anpil nan klas yo te diskite sou kesyon ki gen rapò ak eleksyon - soti nan pozisyon kandida yo rive nan kalkil matematik Kolèj Elektoral la. Se dwa nou pou n patisce, fè tande vwa ak opinyon n nan bilten vòt la, pa ta dwe yon aksyon banal oswa ensiyifyan.

Mèsi paske w pran tan li lèt sa a. Nou tout kontinye apresye w tankou tout kolaboratè enpòtan k ap fè travay sa a. Ann travay ansanm, pou n ka kontinye pouse elèv yo pi devan ak sipòte yo konsa. Kòm nou pati pou dezyèm trimès ane a, mwen pa ka tann pou wè sa nou pral fè.

Sensèman,



Caleb Hurst-Hiller  
Direktè Lekòl la